

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kahirupan kiwari teu bisa madeg mandiri, pikeun nyumponan pangabutuh utama nyaéta *sandang, pangan*, jeung *papan* ogé tangtu perlu ayana interaksi papada masarakat. Jalma kudu campur gaul jeung jalma lianna. Prosés asupna hiji basa kana basa séjén bisa dilantarankeun ku saurang nu ngagunakeun basa séjén nu béda jeung basa di éta daérahna. Éta kajadian bakal nimbulkeun “kontak basa”. *Kontak basa* nurutkeun Thomson nyaéta dina hiji waktu jeung tempat nu sarua digunakeun basa nu leuwih ti hiji. Kontak basa lumangsung ngaliwatan sababaraha cara di antarana waé: (1) pindahna hiji kelompok masarakat ka kelompok nu lianna, (2) ngaliwatan hubungan budaya nu pageuh, (3) ngaliwatan dunya atikan (Basuki, 2009, kc. 39).

Kontak basa bisa muncul dina kahirupan masarakat boh di lembur boh di kota. Sakumaha nu didadarkeunkeun di luhur, kontak basa lumangsung ku tilu cara, salasahijina dina kagiatan masarakat di dunya atikan atawa di sakola. Kontak basa di lingkungan sakola bisa muncul dilantarankeun siswa-siswana datang ti sababaraha daérah, sakurang-kurangna ti dua daérah anu béda basana. Upamana di daérah tapal wates Jawa Barat jeung Jawa Tengah kajadian kontak basa antara basa Sunda jeung basa Jawa. Sakola-sakola nu aya kontak basa kitu téh kapanggih ogé di daérah Cirebon jeung Indramayu. Lain di éta daérah wungkul, tapi di daérah anu deukeut ogé aya poténsi kontak basa,

Salasahiji sakola anu deukeut ka éta daérah nyaéta SMKN 1 Leuwimunding, anu pernahna di Kabupatén Majaléngka. Sacara geografis ieu sakola aya di sabudeureun masarakat Sunda, tapi lokasina leuwih deukeut ka masarakat nu ngagunakeun tutur basa Jawa Cirebon. Ari sababna, ieu sakolah téh aya di daérah tapal wates antara dua kabupatén, nyaéta Indramayu jeung Cirebon.

Dumasar kana hasil obsérvasi di éta sakola, siswa-siswina ngagunakeun basa nu béda-béda, basa indungna basa Sunda jeung bisa basa Indonesia, aya nu basa indungna basa Jawa jeung bisa basa Indonesia anu teu bisa pisan ngagunakeun basa

Sunda. Salian ti éta, aya ogé anu bisa maké tilu basa, nyaéta basa Sunda, basa Jawa, jeung basa Indonesia. Tina éta gejala basa tangtu mangaruhan kana prosés din pangajaran di sakola. Dina prakna pangajaran henteu baé basa Sunda tapi dibarengan ku basa Indonesia.

Éta kaayaan di sakola téh luyu jeung tiori nu ditepikeun ku Thomson nu nétélakeun ayana kontak basa ngaliwatan dunya atikan. Pacampurna basa teu kawatesan ku sélér bangsa (globalisasi), ayana campur gaul antar budaya nu béda (kulturasi) antara budaya Jawa Cirebon jeung Sunda di lembaga atikan. Kontak basa dijurung ku siswa anu diajar basa ti indung anu tempat matuh saméméhna di luar Jawa Barat. Salian ti éta siswa ditungtut sangkan bisa maké sababaraha basa salila kagiatan diajar di sakola. Tina prosés narima basa nu rinéka bakal nimbulkeun interférénsi basa dina pancén-pancén siswa utamana mah pangajaran basa Sunda.

Sakumaha Perda No. 5 taun 2003, aya tilu basa daérah di Jawa Barat. Basa Sunda, Basa Cirebon Dermayu jeung Melayu Betawi sangkan basa sastra jeung aksarana bisa dimumulé ku masarakatna. Dipageuhan deui ku Perda No.14 taun 2014 nu dimaksud basa daérah di sabudeureun Jawa Barat téh ngawengku Basa Sunda, Basa Cirebon Dermayu, jeung Basa Melayu Batawi. Dumasar kana Perda di luhur Pangajaran di sakola sa-Jawa Barat basa daérah téh wajib, hususna basa Sunda. Kagitan belajar mengajar (KBM) basa daérah hususna basa Sunda aya di unggal tingkat ngawengku SD/MI, SMP/MTS, SMA/SMK/MA. Ayeuna kurikulum nu dilarapkeun di sakola téh kurikulum 2013 révisi taun 2017.

Sampel ieu panalungtikan téh 52 karangan siswa tina pangajaran Basa Sunda kelas X dina bab Carita Babad. KD 3 matéri babad nyaéta *menganalisis isi, struktur, dan aspék kebahasaan téks babad/ sejarah Sunda*. jeung KD 4 nyaéta, *menyajikan isi téks babad/ sejarah Sunda dengan memperhatikan struktur dan aspék kebahasaan*. Pangajaran babad miboga tujuan sangkan siswa mampu nganalisis eusi, struktur, jeung aspék kabasaan téks babad/ sajarah Sunda sarta ngadadarkeun eusi téks babad/ sajarah Sunda bari merhatikeun struktur jeung aspék kabasaan. Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK) KD 3 nyaéta (1) peserta didik mampu milih téks babad/ sajarah Sunda, (2) maham struktur kabasaan téks babad/ sajarah Sunda, (3) maham unggal kajadian sajarah dina téks babad/ sajarah Sunda, (4) matalikeun antara antar tokoh

jeung kajadian sajarah kana kayaan di éta daérah, (5) nangtukeun galur téks babad/ sajarah Sunda. Indikator Pencapaian Kompetensi KD 4 nyaéta (1) ngarangkum eusi téks babad/ sajarah Sunda, dumasar kana struktur jeung unsur kabasaan, (2) ngoréksi hasil ringkesan eusi téks babad/ sajarah Sunda jeung babaturan nu sabangkuna atawa sakelompokna, (3) nyaritakeun deui eusi téks babad/ sajarah Sunda.

Tujuan tina panalungtikan interférensina basa dina karangan carita babad siswa nyaéta maluruh kana kasang tukang siswa jeung pangaruh kana basa anu digunakeunana. Siswa nyaritakeun hasil pamanggihna ngeunaan asal-usul hiji tempat bakal ngirut lantaran aya siswa nu datang ti luar daérah nu tangtu béda budaya jeung basa. Para siswa dipiharep bisa ngangkat babad-babad/sajarah nu aya di sabudeureun tempat matuhna.

Nurutkeun Nababan (1993, kc. 35), rupa-rupa pasualan atawa gejala basa nu aya di masarakat nu béda basa jeung bisa nimbulkeun prosés pasualan kabasaan atawa “*pengacauan*”. *Pengacauan* basa mangrupa istilah séjén tina interférensina. Sedeng nurutkeun Alwasilah (1985, kc. 131) mangrupa kacindekan tina kamandang Hartman jeung Stork yén interférensina basa nyaéta patukerna basa nu ditimbulkeun ku sabab kabiasaan tina omongan (*ujaran*) hiji basa kana basa nu béda, ngawengku ngalupalkeun hiji sora, tata basa, jeung tata kecap.

Istilah interférensina mimiti dipaké ku Weinreich taun 1953 pikeun nyebutkeun ayana parobahan sistim hiji basa ku sabab aya campur gaul jeung unsur-unsur basa lianna nu dijalankeun ku panyatur nu bilingual. Sedeng Jendra (dina Padmadéwi, 2004, kc.109) nepikeun yén interférensina ngawengku sakabéh aspék kabasaan bisa ka aspék tata sora (fonologi), ngawangun kalimah (morfologi), tata kalimah (sintaksis), kosa kecap (léksikon), tata makna (semantik). Saluyu jeung pamadegan Suwito, (1983, kc. 55), yén interférensina bisa tumerap kana sakabéh komponén kabasaan, hartina interférensina téh bisa kajadian kana wangun tata sora, tata wangun, tata kalimah, tata kecap, jeung tata makna.

Salian ti pamadegan di luhur, rupa-rupa interférensina ditétélakeun Hoffmann 1991 (dina Padmadéwi, 2004, kc. 61), nyaéta (1) interférensina fonologi, (2) interférensina léksikal, 3) interférensina tataran gramatikal jeung 4) interférensina dina

tataran tulisan. Tina pamadengan para ahli di luhur bisa dicindekeun yén interférénsi larap kana sakabéh wangun basa, wangun basa lisan jeung basa tulisan. Ku kituna, ieu panalungtikan téh nganalisis tulisan babad siswa tangtu moal kana lisan tapi kana tulisan. Nyoko kana wangun interférénsi dina karangan babad basa Sunda, wangun grafologi/fonologi, gramatikal (kecap/morfologi, tata kalimah/ sintaksis), léksikon jeung kumaha siswa ngalarapkeun kecap dina hasil tulisan babad siswa.

Panalungtikan dina wangun interférénsi téh henteu kaasup panalungtikan nu anyar jeung teu saeutik nu nalungtik boh din skripsi, boh dina tésis. Di antarana ku Johan (2013) anu nalungtik interférénsi léksikon basa Cirebon kana basa Indonesia dina karangan siswa SD 1 Galagamba, Kabupatén Cirebon, Upama Titin. S (2014) ngajadikeun abstrak skripsi mahasiswa UNPAS pikeun Sumber datana, Ari Dénis E. B (2015) milih sumber datana tina karangan pangalaman pribadi siswa SMP tur dina prosés pembelajaran basa kadua, jeung Ariska (2017) anu nalungtik interférénsi dina karangan surat pribadi anu ditulis ku siswa ditambah nalungtik faktor-faktorna nu ngabalukarkeun interférénsi.

Panalungtikan Titin (2014), Dénis E.B (2015), jeung Ariska (2017) nangtukeun objék panalungtikanna téh interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda. Sedeng Johan (2013) ukur nalungtik interférénsi basa Cirebon kana basa Indonésia. Jadi dina panalungtikan saméméhna teu kungsi aya nu nalungtik ditingkat SMA/SMK. Salian ti éta can aya nu maluruh, ngadéskripsikeun interférénsi tina basa Indonesia jeung basa Cirebon kana basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun jeung dijudulan “Interférénsi Basa Indonesia jeung Basa Cirebon kana Basa Sunda dina Karangan Babad Siswa SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka taun ajaran 2019-2020”.

1.2 Indéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh maluruh wangun interférénsi basa Indonesia jeung basa Cirebon kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majalengka. Interférénsi nu ngawengku tataran fonologi/grafologi, gramatikal (morfologi jeung sintaksis), jeung léksikal. Ku sabab

ieu panalungtikan téh sumberna wangun tulisan carita babad, nu mangrupa ragam basa tinulis, tangtu moal nalungtik fonologina, tapi nu dipaluruh téh wangun grafologi. Ku kituna, masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda interférénsi grafologi, gramatikal (morfologi jeung sistaksis), jeung léksikal basa Jawa Cirebon kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka taun ajaran 2019-2020?
- b. Kumaha wanda interférénsi grafologi, gramatikal (morfologi jeung sistaksis), jeung léksikal basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka taun ajaran 2019-2020?
- c. Kumaha babandingan léksiko-semantis tina basa Cirebon jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka taun ajaran 2019-2020?
- d. Interférénsi mana nu dominan basa Cirebon jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majaléngka taun ajaran 2019-2020?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun wangun interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majaléngka taun 2019-2020.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. interférénsi wanda grafologi, gramatikal (morfologis jeung sintaksis), léksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majaléngka taun ajaran 2019-2020;
- b. wanda Interférénsi grafologi, gramatikal (morfologis jeung sintaksis), léksikal basa Cirebon kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majaléngka taun ajaran 2019-2020;
- c. babandingan léksiko-semantis basa Cirebon jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka taun ajaran 2019-2020; jeung
- d. interférénsi anu dominan tina basa Cirebon atawa basa Indonesia kana Basa Sunda dina karangan babad siswa SMKN 1 Leuwimunding, Majaléngka taun ajaran 2019-2020.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kontribusi kana paélman basa. Dipiharep bisa leuwih ngajembarkeun tiori lingusutik huhusna dina widang sosiolinguistik. Pangpangna mah wangun interférénsi basa Cirebon jeung basa Indonesia kana basa Sunda di SMKN 1 Leuwimunding Majaléngka.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta salasahiji tarékah pikeun miara jeung ngamumulé basa Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan dipihareup bisa méré mangpaat pikeun sakola, mahasiswa, dosén, guru, jeung panalungtik satuluyna.

- a. Pikeun sakola, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangdeudeul kana kawijakan lembaga supaya leuwih ngarojong kana kamekaran basa Sunda ku jalan méré pasilitas nu bisa nambah atawa ningkatkeun kamampuh siswa dina makéna basa Sunda.

- b. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep méré gambaran di lapangan lantaran ka hareupna mahasiswa baris jadi pendidik basa Sunda nu sakolana aya di antara dua budaya jeung basa, ieu panalungtikan ogé méré gambaran masalah nu aya di masarakat multikultur.
- c. Pikeun dosén, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré arahan pikeun Mata Kuliah Problematika Pangajaran basa Sunda di daérah tapal batas pikeun mahasiswa.
- d. Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan méré gambaran sangkan guru bisa nyingkahan atawa ngajarkeun kabiasaan dumasar kana kaayan siswana.
- e. Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi dasar pikeun panalungtikan satuluyna nu leuwih lega jeung jero ambahanana.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan (sistematika) nyusun tésis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap:

Bab I (Bubuka), eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II (Ulikan Tiori), eusina nyaéta (1) ulikan tiori, (2) panalungtikan saméméhna, (3) raraga mikir, jeung (4) Kagiatan pangajaran nulis babad di SMK.

BAB III (Métode Panalungtikan), eusina ngawengku sababaraha (1) Desain Panalungtikan, (2) Métode panalungtikan, (3) Sumber data, (4) Instrumén Panalungtikan, jeung (5) Téhnik Panalungtikan.

BAB IV (Hasil Panalungtikan jeung Pedaran), eusina ngeunaan déskripsi jeung analisis data pikeun nyangking hasil anu aya patalina jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, jeung pedaran hasil analisis data.

Bab V (Kacindekan jeung Saran), eusina mangrupa kacindekan tina hasil analisis data tina bab saméméhna, jeung saran ngeunaan ieu panalungtikan pikeun nu maca, jeung nu aya minat nalungtik ngeunaan kabiasaan.